



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REKÒMANDE JUSTIN E. DRISCOLL POU SÈVI KÒM
PREZIDAN AK DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL OTORITE ELEKTRISITE NEW
YORK LA**

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekòmande Justin E. Driscoll pou sèvi kòn Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority, NYPA) Lè Konsèy Administrasyon NYPA a nonmen li e si Sena a konfime, Mesye Driscoll pral kontinye dirije pi gwo sèvis publik ke eta posede nan peyi a.

"Nan yon moman kote New York ap dirije batay kont chanjman klimatik la ak tranzisyone rapidman nan direksyon enèji pwòp, NYPA bezwen lidèchip vizyonè solid nan pi wo nivo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Justin Driscoll pote ekspètiz sa a pou dirije pi gwo sèvis publik ke eta posede nan peyi a ak eksplwate resous enèjetik New York yo pou sipòte objektif klimatik nou yo ak ankouraje devlopman ekonomik. Mwen espere kontinye travay sere ak Justin pou mete New York sou wout ekstrawòdinè sa a pou lavni."

Konsèy Administrasyon NYPA te nonmen Mesye Driscoll pou sèvi kòn Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral nan mwa oktòb epi depi lè sa li te dirije tranzisyon kontinyèl NYPA a nan direksyon yon sèvis publik san kabòn pou sipòte objektif klimatik New York la k ap mennen nan nasyon an. Rekòmandasyon Gouvènè a vini apre yon rechèch nasyonal e li rekonèt travay Mesye Driscoll te akonpli nan ane anvan an.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin Driscoll, te deklare, "Mwen onore pou m gen tout konfyans Gouvènè Hochul pou dirije Otorite Elektrisite New York la pandan n ap avanse tranzisyon eta k ap mennen nan nasyon nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp. Avèk ekip ekstrawòdinè pèsonèl devwe nan NYPA ak dapre lidèchip Gouvènè a, New York pare, kounye a plis pase anvan, pou l kreye yon enfrastrikti enèji ki rezistan, fyab ak pwòp pou ane k ap vini yo."

Mesye Driscoll te deja sèvi kòn ofisyé jiridik anchèf nan NYPA. Anvan li te antre nan NYPA, Justin te angaje nan pratik prive nan lalwa epi li te reprezante kliyan ki enkli konpayi Fortune 500 yo, antite gouvènmantal ak konpayi enèjetik yo, nan zafè litij komèsyal konplèks ak zafè regilatwa yo.

Mesye Driscoll sèvi nan plizyè Konsèy ki gen ladan The Alliance to Save Energy, New York City's Urban Green Council, Large Public Power Council, ak Global Energy Advisory Board nan World Resources Institute la.

Mesye Driscoll gradye nan American University nan Washington, D.C. ak yon diplòm lisans nan School of Public Affairs. Li te resevwa yon diplòm jiridik nan New York Law School epi li te ale nan Pwogram New York University School of Law L.L.M. nan règleman komès.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418